



DONE FONDAMANTAL SOU MIKWOGRIY YO

Kisa mikwogriy ye?

Kijan yo ede fè elektrisite pi
fyab?




Kijan nou jwenn elektrisite sa a kounye a?

Kab yo pote elektrisite soti nan izin
elektrik rive lakay nou kòm pati nan
makwo griy la (sa yo rele griy la).

Kokennchenn rezo elektrik sa a
konekte pwodiktè elektrik yo ak
kay epi biznis yo.






Mikwo kont Makwo Griy

Yon mikwogriy se menm bagay ak makwo griy la, men li pi piti.

Li kapab dekonekte de griy la epi li gen yon sous lokal pou jenere elektrisite, tankou pano solè!



Kijan yon mikwogriy ta ka ede mwenn ak kominote mwenn an?

Si makwo griy la pèdi elektrisite, bilding yo ki fè pati de mikwogriy la ka dekonekte (sètadi ke yo pral kreye yon 'zile') epi yo pral gen elektrisite kanmenm!

Li esansyèl pou byennèt piblik la pou w pare epi pou w kapab refè aprè yon dezast.



Imajine sa...

Gen yon vag chalè. Tout moun ki itilize klimatizè yo epi griy la sirchaje, sa ki kreye yon pàn kouran.

Pò a nan fè nwa.



Men ak yon mikwogriy...





Kontinye gen elektrisite!

Lè ou dekonekte de griy la epi ou janbe nan sous elektrisite lokal li (tankou pano solè oubyen batri akimilatè), yon mikwogriy anpeche pàn kouran.

Transfè a fèt si rapidman ou p ap remake okenn pètibasyon!



**Mikwogriy yo se
yon garanti ke nou
toujou ap gen
kouran ki fyab – yon
bagay tout moun ta
dwe genyen.**

Jwenn plis enfòmasyon nan
CambridgeEnergyAlliance.org/microgrids

